

Dwa w ak Pwoteksyon w Kont Bil Sipriz Medikal yo

Lè w resevwa swen ann ijans oswa lè se yon founisè ki pa nan rezo a ki ba w swen nan yon lopital an rezo oswa yon sant chirijikal anbilatwa, ou pwoteje kont sa yo rele balans bil la. Nan ka sa, yo pa sipoze chaje w plis ke kopeman, ko-asirans ak/oswa dediktib ou t ap gen pou w peye nan plan an.

Kisa ki “balans bil” (dèfwà yo rele l “bil sipriz”)?

Lè ou al wè yon doktè oswa yon founisè swen sante, ou kapab dwe kèk montan ki sot nan pòch ou, tankou kopeman, ko-asirans, oswa dediktib. Ou kapab gen depans anplis oswa ou ka gen pou w peye tout bil la si se yon founisè oswa yon sant swen sante ki pa nan rezo plan sante w la ou te al wè.

“Pa nan rezo” vle di ke founisè a oswa sant lan pa siyen yon kontra ak plan sante w la pou l founi w sèvis. Founisè ki pa nan rezo a kapab gen otorizasyon pou yo fè w peye diferans ki rete ant sa plan w lan ap peye a pa rapò ak tout montan yo chaje w pou sèvis la. Se sa yo rele “balans bil” la. Nòmman montan sa plis ke depans ou t ap gen pou w fè pou menm sèvis la nan men founisè an rezo yo epi li ka pa konte nan limit dediktib oswa kantite kòb ki sot nan pòch ou nan plan an pou ane a.

“Bil sipriz” yo se balans bil pou w peye ke w pa t atann ak li. Sa ka rive lè w pa ka kontwole kiyès ki patisipe nan ba w swen—tankou lè w gen yon ijans oswa lè w pran yon randevou pou w al nan yon sant ki nan rezo a epi se yon founisè ki pa nan rezo a ki trete w san w pa konnen.

Bil sipriz medikal yo ka koute plizyè milye dola tou depan de pwosedi a oswa sèvis la.


Ou pwoteje kont balans bil pou:

Sèvis Ijans yo

Si w gen yon maladi ki mete w nan yon sityasyon ijans epi w resevwa sèvis ijans sa nan men yon founisè ki pa nan rezo oswa yon lopital, pi plis yo ka chaje w se montan depans pataje ou t ap gen pou w fè nan plan nan rezo ou a (tankou kopeman, ko-asirans ak dediktib yo). Yo **pa ka** voye yon balans bil pou w peye pou sèvis ann ijans sa yo. Sa gen ladan tou sèvis ou ka resevwa apre kondisyon w fin estab, amwenske w bay konsantman w alekri pou w di ke w bay pwoteksyon kont balans bil yo vag pou sèvis ki vin apre sityasyon ijans ou an. Si kat asirans ou an masyone “pwoteksyon asirans konplè” ou **pa ka** bay konsantman alekri pou w di ke w bay pwoteksyon kont balans bil yo vag pou sèvis ki vin apre sityasyon ijans ou an.

Kèk sèvis nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo

Lè w resevwa sèvis nan men yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, konn gen kèk founisè nan ka sa ki ka pa nan rezo ki nan lopital la. Nan ka sa yo, pi plis ke founisè sa yo ka chaje w se montan pataje ke w konn peye nan plan an rezo w la. Sa aplikab nan medsin ann ijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, ospitalis, doktè sèvis entansif. Founisè sa yo **pa kapab** ba w yon bil kote w ap peye balans bil epi yo ka **pa ka** mande w pou w bay pwoteksyon kont balans bil la vag.



Eskàne kòd QR la pou w aprann plis konsènan depans swen sante w.

Si w resevwa lòt tip sèvis nan men etablisman an rezo sa yo, founisè ki pa nan rezo yo **pa ka** ba w yon bil kote w ap peye balans, amwenske w bay konsantman alekri pou w bay pwoteksyon yo vag. Si kat asirans ou an mansyone “pwoteksyon asirans konplè” ou **pa ka** bay pwoteksyon ou yo vag nan kad lòt sèvis sa yo si yo se yon bil sipriz. Bil sipriz se lè w nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa ki an rezo epi gen yon doktè ki fè pati rezo a ki pa disponib, epi yon lòt doktè ki pa fè pati rezo a ba w sèvis san w pa t konn sa oswa yo te ba w sèvis medikal yo pa t prevwa.

Sèvis ke doktè w ki nan rezo a refere w

Si kat asirans ou an mansyone “pwoteksyon asirans konplè”, bil sipriz la gen ladan tou lè doktè an rezo w la refere w bay yon founisè ki pa nan rezo a san konsantman w (tankou laboratwa, ak sèvis patoloji). Founisè sa yo **pa kapab** ba w yon bil kote w ap peye yon balans epi yo ka **pa ka** mande w pou w bay pwoteksyon kont balans bil la vag. Ou kapab bezwen pou w siyen yon fòm (disponib sou sit entènèt Depatman Sèvis Finansye a) pou pwoteksyon kont balans bil yo kapab aplike konplètman.

Ou pa p janm nan obligasyon pou w renonse ak pwoteksyon w kont balans bil yo. Ou pa oblije resevwa swen nan men founisè ki pa nan rezo tou. Ou kapab chwazi yon founisè oswa yon etablisman ki nan rezo plan w lan.

Lè w pa gen otorizasyon pou balans bil, ou gen pwoteksyon sa yo tou:

- + Ou responsab sèlman pou w peye pati pa w la nan depans yo (tankou kopeman, ko-asirans, ak dediktib ou t ap gen pou w peye si founisè a oswa etablisman an te an rezo). Plan sante w la ap peye tout depans anplis a founisè oswa etablisman ki pa nan rezo a.

+ Jeneralman, plan sante w la sipoze:

- o Garanti sèvis ijans yo san yo pa fè w egzijans pou w jwenn apwobasyon pou sèvis la alavans (yo rele sa tou “otorizasyon davans”).
- o Garanti sèvis ijans ke founisè ki pa an rezo yo founi w yo.
- o Kalkile montan w gen pou w bay founisè oswa etablisman an (depans pataje) pa rapò ak sa li t ap gen pou l peye yon founisè oswa yon etablisman an rezo epi montre montan sa nan esplikasyon avantaj ou yo.
- o Kontwòl nenpòt montan w peye pou sèvis an ijans oswa sèvis ki pa an rezo yo nan limit dediktib ak kòb ki te gen pou sot nan pòch ou yo nan rezo a.

Si w panse yo voye yon bil pou ou pa erè epi pwoteksyon w la sijè a lalwa Nouyòk (“pwoteksyon asirans konplè”) ou kapab rele NYC Health + Hospitals nan 1-844-692-4692 epi mete nou okouran ke w panse yo voye yon bil pou ou pa erè.

Si nou pa kapab asiste w dirèkteman, ou kapab kontakte Sèvis Finansye Depatman Eta Nouyòk nan 1-800-342-3736 oswa nan surprisemedicalbills@dfs.ny.gov. Vizite www.dfs.ny.gov pou plis enfòmasyon konsènan dwa w anba lalwa Eta a.

Kontakte CMS nan 1-800-985-3059 pou pwoteksyon ou achte oumenm oswa pou pwoteksyon ki pa achte nan Nouyòk. Vizite www.cms.gov/nosurprises/consumers pou enfòmasyon konsènan dwa w anba lwa federal la.